



Pou Piblikasyon Imedya: 14/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN YON SKYDOME 13 MILYON DOLA, PI GWO SANT TÈS ALENTERYÈ UAS NAN KONTE ONEIDA**

***Skydome pote investisman total Eta ak Konte pou plis pase 100 milyon dola, sa ki etabli solidman pozisyon New York kòm yon lidè mondyal nan sistèm avyon san pilòt***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman enstalasyon Skydome nan Griffiss Business and Technology Park nan Rome, Konte Oneida. Sitiye nan yon ansyen anga avyon, enstalasyon modèn sa a ki alenteryè se pi gwo enstalasyon tè dwòn alenteryè nan nasyon an ak yon investisman transfòmè nan Sit Tès Sistèm Avyon San Pilòt (Unmanned Aircraft Systems, UAS) New York nan Konte Oneida.

"Eta New York te fè envèstisman odasye pou kreye yon anviwònman konpetitif pou atire konpayi teknoloji avanse yo atravè monn lan," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Skydome rantrè nan yon kantite konpayi teknoloji k ap grandi nan rele New York lakay yo epi solidifye estati Mohawk Valley kòm yon sant mondyal pou inovasyon. Nou pral rete konsantre anpil pou nou kontinye investisman enpòtan nou yo nan tout eta a, epi fòje patenarya solid ant tout nivo patnè gouvènman an ak sektè piblik la".

"Achèvmman Sant Tès Skydome UAS la se yon gwo viktwa pou Eta New York, sa ki fè li se pi gwo enstalasyon nan jan li nan nasyon an", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Inisyativ revitalizasyon tankou sa a se prè ke New York sou bon chemen an. Nouvo enstalasyon dènye kri sa a mete New York nan avangad devlopman veyikil ayeryen san pilòt".

**Direktè Konte Oneida, Anthony J. Picente Jr, te deklare,** "Tankou fabrik pis Wolfspeed la, ak konplèks espòtif MVHS Wynn Hospital ak Nexus Center ki pral fini an, ouvèti Skydome se yon lòt pwojè transfòmè ki pral ankouraje nouvo travay ak investisman nan Konte Oneida, epi montre plis poukisa nou gen youn nan ekonomi ki pi solid ak divèsifye nan Nòdès la. Depi nan kòmansman li, pwojè konte anbisye sa a te kòmanse solidifye Konte Oneida ak Eta New York kòm episan mondyal pou rechèch ak devlopman dwòn epi ak ouvèti Skydome jodi a, nou te fè sa".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development, Hope Knight, te deklare,** "Teknoloji UAS gen potansyèl pou debloke nouvo avni kwasans

ekonomik nan domèn tankou sekirite piblik ak komès elektwonik, epi investisman vizyonè Eta New York nan endistri sa a te atire gwo investisman nan sektè piblik ak prive. Skydome se dènye pwojè transfòmatè ki pral estimile kwasans endistri ak inovasyon nan Mohawk Valley pou plizyè jenerasyon k ap vini yo".

Sant nan espas fèmen an pral sipòte efò kolaborasyon ant Direksyon Enfòmasyon Laboratwa Rechèch Fòs Ayeryen an ak Sit Tès New York UAS la, pou ranfòse ekosistèm komèsyal ak akademik teknoloji depwent nan rejyon an epi sipòte devlopman teknoloji pou Ti Sistèm Avyon San Pilòt pou opere san danje nan Espas Ayeryen Nasyonal la.

Avèk achèvmman Skydome, Eta New York kounye se kay pi gwo enstalasyon eksperimentasyon alenteryè Veyikil Ayeryen San Pilòt Chanm Anekoyik Etazini, epi li pral ofri pandan tout ane a, tès teknoloji avanse dwòn alenteryè, ki gen ladan kontwòl vòl ki baze sou entelijans atifisyèl ak kowòdinasyon otonòm ti dwòn.

Skydome sitiye nan yon enstalasyon Konte Oneida posede ki loje tou Sant Avansman Innovare (Innovare Advancement Center), kote Griffiss Institute alimante ekosistèm inovasyon rejyon an nan entelijans atifisyèl, sibèsekirite, enfòmatis newomòfik, nano-elektwonik, enfòmatis kantik ak UAS. Li gen ladan Sant Kòmman Dwòn pou Sit Tès Sistèm Avyon San Pilòt Eta New York la, youn pami sèlman sèt sit tès sistèm avyon san pilòt ke FAA Deziyen nan Etazini.

Pwojè 13 milyon dola sa a ke Konte Oneida te kreye ak devlope, resevwa finansman 4 milyon dola nan konte a, epi li jwenn sipò Eta a atravè yon sibvansyon 4.5 milyon dola nan Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta CNY Rising lan ak 4.5 milyon dola nan Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Mohawk Valley. Senatè Eta Joseph Griffo te sekirize tou yon sibvansyon 950,000 dola pou enstalasyon an.

Sit tès Skydome lan se yon pati nan Griffiss Business and Technology Park ki an kwasans konstan ki mezire 1,416 ekta, yon ansyen Baz Fòs Ayeryen Etazini an, ki se lakay yon bann konpayi teknoloji avanse, k ap mennen nan monn lan nan sibè sekirite, enfòmatis kantik, fabrikasyon ak plis ankò ki anboche apeprè 6,000 moun.

Skydome se jis dènye investisman nan enfrastrikti nan Ayewopò Entènasyonal Griffiss ke Konte Oneida te konstwi. An 2019, konte a te investi 15.5 milyon dola pou ranplase chalè vapè santral ki demode nan anga yo avèk nouvo chofaj reyonan ki te chanje radikalman estrikti kou a epi fè enstalasyon yo konpetitif. An menm tan, konte a te investi yon lòt 5.6 milyon dola nan kreye Sant Avansman Innovare ki ap trase wout la pou ede ankouraje yon ekosistèm gwo teknoloji pou sipòte Laboratwa Rechèch Fòs Ayeryen ak Sit Tès UAS la.

**Direktè Egzekitif Jeneral NUAIR la, Ken Stewart, te deklare,** "NUAIR ap jere Sit Tès UAS New York la depi deziyasyon FAA sa gen plis pase dis ane epi nou kontinye gen yon gwo patenarya kolaboratif avèk Eta a, Konte Oneida ak òganizasyon ki alantou yo. Avèk koridò dwòn 80 kilomèt nou an, seri tès 5G prive sou mezi, ak kounye a adisyon

Skydome, New York Santral kontinye se destinasyon prensipal pou konpayi UAS ak Mobilite Ayeryen Avanse yo pou ateri ak elaji operasyon yo".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral nan Griffiss Institute la, Heather Hage, te deklare,** "Nan Griffiss Institute, nou fyè pou nou pèmèt inovasyon ak antreprenarya nan Mohawk Valley. Lansman Skydome reprezante yon lòt gwo pa an avan nan devlopman kapasite rechèch ak tès klas mondyal pou nou ka fè egzakteman sa. Sistèm otonòm ki pèmèt operasyon veyikil san ekipaj ki an sekirite, sekirize ak fyab genyen yon gwo potansyèl pou rezoud defi sosyete ki pi ijan nou yo ak ouvri opòtinite ekonomik transfòmasyon pou rejyon nò Eta New York. Skydome lan pral rann posib yon avni kote syèl la pa limit ankò".

Eta New York te envesti apeprè 70 milyon dola pou etabli tèt li kòm destinasyon prensipal nan nasyon an pou dwòn ak biznis yo ki nan avangad inovasyon. Sa gen ladan achèyman koridò dwòn jesyon trafik san pilòt 80 km, premye nan nasyon an, ki fonksyone soti nan New York Santral rive nan Mohawk Valley, ansanm ak apwobasyon FAA pou kèk pati nan koridò a pou avyon san pilòt vole avèk teknoloji Odela Liy Vizyèl nou Ka Wè (Beyond Visual Line of Sight, BVLOS). Sa a se premye "vrè" otorizasyon BVLOS yo akòde sit tès FAA deziyen an k ap pèmèt yo teste ayewonèf san pilòt yo san yo pa bezwen gen obsèvatè sou tèren yo.

**Senatè Eta a, Joseph A. Griffo, te deklare,** "Mwen kontan dèske enstalasyon Skydome nan Griffiss Business and Technology Park nan Rome lan te fini epi mwen te sekirize finansman pou pwojè sa a. Espas alanteryè modèn ak inovatè sa a pral amelyore devlopman Sistèm Avyon San Pilòt ak teknoloji ki gen rapò epi ap bati sou kolaborasyon enpòtan k ap fèt chak jou isit la nan Mohawk Valley".

**Manm Asanble, Marianne Buttenschon, te deklare,** "Achèyman SkyDome la isit la nan Konte Oneida sèlman solidifye plis ke rejyon sa a ak kominote a ap vin tounen yon fòs emèjan nan domèn inovasyon ak teknoloji entènasyonalman. Pwojè sa a se yon temwayaj envestisman nou an nan Mohawk Valley pou fè li tounen yon premye destinasyon pou sit tès UAS, dwòn ak biznis teknolojik. Kontinyasyon kwasans nan Griffiss Business and Technology Park la ekstraòdinè epi li te yon fòs motè nan devlopman ekonomik nan Konte Oneida".

**Majistra Rome lan, Jacqueline M. Izzo, te deklare,** "Jodi a make yon reyalizasyon enpòtan pou Konte Oneida, Vil Rome, sit tès UAS New York ak Laboratwa Rechèch Fòs Ayeryen an avèk ouvèti pi gwo enstalasyon tès dwòn alanteryè nan peyi a. Avèk angajman Gouvènè Hochul ak Eta New York, achèyman zòn tès Skydome 13 milyon dola a ranfòse devouman nou pou bay pi bon enstalasyon tès FAA UAS nan nasyon an. Nou pa ka tann pou nou akeyi espesyalis rechèch UAS yo ak ekip yo ki soti toupatou nan peyi a ak nan monn lan nan Skydome pandan y ap kontinye rechèch ki nesèsè pou entegre dwòn yo nan estrikti vwayaj ayeryen chak jou tankou tès transpò materyèl medikal enpòtan pou sove lavi, ede nan dezaz natirèl ak plis ankò avèk kapasite tès amelyore yo ki disponib nan Skydome".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418